

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN


3.1 Méthode jeung Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan méthode déskriptif. Nurutkeun Sugiyono (2009, kc. 15) panalungtikan kualitatif mangrupa hiji méthode panalungtikan anu digunakeun pikeun nalungtik obyék anu alamiah nu mana panalungtik jadi instrumén konci. Pamarekan kualitatif miboga sababaraha konsép jeung prinsip métodologis, salahsahijina mangrupa konsép jeung prinsip ngeunaan sumber data, pangumpulan data, analisis data, jeung *kaabsahan* data. Pamakéan konsép jeung prinsip disaluyukeun jeung kapentingan panalungtikan. Hartina, dina ieu panalungtikan henteu dijéntrékeun sacara tioritis konsép jeung prinsip métodologis pamarekan kualitatif, tapi langsung diaplikasikeun sacara sistematis dina kaitanna jeung ulikan konsép analisis wacana kritis anu aya dina surat kabar Soerapati. Méthode déskriptif dina ieu panalungtikan, digunakeun pikeun ngadéskripsikeun hasil tina panalungtikan ngeunaan analisis wacana kritis dina kolom “Kalangan Awewe” di surat kabar Soerapati.

Ieu panalungtikan ngagunakeun rangkay analisis wacana kritis tina tiori Teun A. van Dijk pikeun nganalisis élémén struktur makro, superstruktur jeung struktur mikro dina tulisan “Gerakan jeung Awéwé” jeung “Léléngkah Haloe” anu aya dina kolom “Kalangan Awéwé” surat kabar Soerapati.

Desain panalungtikan anu dilaksanakeun bisa dibagankeun saperti ieu di handap.

Bagan 3.1: Alur Panalungtikan



3.2 Sumber Data jeung Data Panalungtikan

3.2.1 Sumber Data

Ieu sumber data panalungtikan nyaéta wacana “Gerakan jeung Awéwé” edisi 20 Désémber 1923 jeung “Léléngkah Haloe” édisi 5 Pébruari 1924 dina Kolom Kalangan Awéwé anu diterbitkeun dina surat kabar Soerapati.

3.2.2 Data Panalungtikan

Wangun data dina ieu panalungtikan mangrupa data tinulis tina kolom Kalangan Awéwé anu diklasifikasikeun jadi opat data, nyaéta (1) struktur makro “Gerakan jeung Awéwé” jeung “Léléngkah Haloe” anu aya dina Kolom Kalangan Awéwé surat kabar Soerapati, (2) superstruktur “Gerakan jeung Awéwé” jeung “Léléngkah Haloe” anu aya dina Kolom Kalangan Awéwé surat kabar Soerapati, (3) struktur mikro “Gerakan jeung Awéwé” jeung “Léléngkah Haloe” anu aya dina Kolom Kalangan Awéwé surat kabar Soerapati. (4) analisis sosial dina wacana Kolom Kalangan Awéwé surat kabar Soerapati.

3.2.3 Téknik Ngumpulkeun Data

Data dikumpulkeun ngagunakeun téknik ulikan pustaka atawa téknik studi dokuméntasi. Ku sabab data anu dipaké mangrupa data tinulis anu geus didokuméntasikeun. Anapon léngkah-léngkah ngumpulkeun data, nyaéta:

1. Maca surat kabar Soerapati jeung ngidéntifikasi sacara taliti, pikeun maluruh data anu bisa dianalisis maké ulikan wacana kritis.
2. Nangtukeun 2 tulisan dina kolom “Kalangan Awéwé” surat kabar Soerapati, nyaéta 1) “Gerakan jeung Awéwé”, 2) “Léléngkah Haloe” minangka data panalungtikan.
3. Nyirian wacana jeung cutatan tina dokumén-dokumén tinulis anu geus ditangtukeun.
4. Nyalin téks wacana nu aya dina kolom “Kalangan Awéwé” surat kabar Soerapati.

3.2.4 Téknik Analisis Data

Téknik analisis data anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngacu kana Téknik Analisis Unsur Langsung maké konsép analisis wacana kritis Teun A. van Dijk. Anapon tahapan analisis data di antarana waé:

- 1) Niténan deui data téks nu geus dikumpulkeun
- 2) Nyieun papasingan téks wacana kolom “Kalangan Awéwé” dumasar kana (a) struktur makro, (b) superstruktur, jeung (c) struktur mikro
- 3) Nganalisis téks wacana kolom “Kalangan Awéwé” dumasar kana (a) struktur makro, (b) superstruktur, jeung (c) struktur mikro
- 4) Ngadéskrripsikeun téks wacana kolom “Kalangan Awéwé” dumasar kana (a) struktur makro, (b) superstruktur, (c) struktur mikro, jeung (d) analisis sosial
- 5) Ngadéskrripsikeun Analisis Wacana Kritis tina téks wacana kolom “Kalangan Awéwé”
- 6) Nyusun Kacindekan

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana leuwih gampang, dina harti leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis, sangkan jadi gampang pikeun diolah (Arikunto, 2006:160).

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Kartu data digunakeun pikeun ngagampangkeun dina ngalakukeun analisis téks dina hiji karya tulis. Éta instrumén mibanda fungsi pikeun klasifikasi sumber data jeung nganalisis struktur makro, superstruktur jeung struktur mikro. Ieu instrumén panalungtikan digambarkeun saperti ieu di handap.

Tabel 3.3 Palangeran Analisis Wacana Kritis Teun A. van Dijk

NO.	ÉLEMÉN WACANA	DESKRIPTOR
1.	Struktur Makro	
	a. Téma	
2.	Superstruktur	
	a. Skéma	
3.	Struktur Mikro	
	a. Semantik	
	(1) Latar	
	(2) Detil	
	(3) Maksud	
	(4) Pamungkir	
	b. Sintaksis	
	(1) Kohérénsi	
(2) Wangun Kalimah		
(3) Kecap Ganti		
c. Stilistik		
(1) Leksikon		
d. Rétoris		
(1) Grafis		
(2) Métafora		